

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikam mangrupa panalungtikan déskriptif kualitatif. Hal ieu saluyu jeung tujuan panalungtikan nu hayang ngadéskrripsikeun hasil karangan déskripsi siswa kelas lima SDN Régol 13 Garut. Nurutkeun Saodih (2012, kaca:60)

Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu ditujukeun pikeun ngadéskrripsikeun jeung nganalisis fénomena, kajadian, aktivitas sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, pamikiran jalma sacara individu atawa kumpulan. Déskripsi digunakeun pikeun digunakeun pikeun manggihan prinsip jeung katerangan nu nuju kana kacindekkan. Panalungtikan kualitatif miboga sipat induktif.

Metode panalungtikan téh hal anu kacida penting pikeun ngahontal udagan atawa tujuan panalungtikan. Djayasudarma (2010, kaca 4) netelakeun yén metode panalungtikan mangrupa alat, prosedur jeung téhnik dina ngalaksanakeun panalungtikan (dina ngumpulkeun data). Pikeun ngahontal tujuan ieu panalungtikan digunakeun Metode déskriptif.


Data dina ieu panalungtikan dianalisis sacara induktif. Ngeunaan analisis data sacara induktif. Moleong dina Muhammmad (2011, kaca 23) nétélakeun

Metode analisis data induktif digunakan pada penelitian ilmiah karena (1)metode ini mampu menemukan realitas yang majemuk seperti data yang ditunjukkan (2) hubungan antara peneliti dan responden menjadi terang, tegas, dan dapat dipertanggungjawabkan, hubungan-hubungan dapat dipertajam karena ada pengaruh bersama, (4) nilai-nilai dapat diperhitungkan sebagai bagian dari struktur analitik

Ari nurutkeun Alwasilah (2009, kaca 105) *Metode induktif dipilih ketimbang metode deduktif karena metode ini lebih memungkinkan peneliti mengidentifikasi realitas yang berbagai-bagai di lapangan, membuat interaksi antara peneliti dan responden lebih eksplisit, nampak dan mudah dilakukan; dan memungkinkan identifikasi aspek-aspek yang saling mempengaruhi.*

Léngkah-léngkah panalungtikan dimimitian ku nangtukeun masalah nu rék ditalungtik. Léngkah kadua ngumpulkeun data ku jalan ngayakeun tés tinulis nyieun karangan déskripsi. Satuluyna data dianalisis sacara induktif.

Desain panalungtikan digambarkeun dina gambar di handap



Gambar 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

Nu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta karangan déskripsi hasil karya siswa kelas V SDN Régol 13 Kabupaten Garut. Karangan déskripsi dipilih lantaran nurutkeun kurikulum 2013 déskripsi téh mangrupa wacana nu diajarkeun ti kelas hiji nepi ka kelas genep sakola dasar.

Sumber data ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas V SDN Régol 13 Garut. Kelas V di SDN Régol 13 Garut téh aya dua kelas. Nu dijadikeun sumber

data ngan sakelas nyaéta kelas V B. Kelas lima dipilih lantaran kelas lima kaasup kelas luhur. Béda jeung kelas genep nu teu bisa diganggu lantaran tatahar nyanghareupan ujian, kelas lima mangrupa kelas pangluhurna nu masih kénéh loba kagiatan boh di sakola atawa di luar sakola. Kagiatan saperti pasanggiri atawa kagiatan séjénna. Jumlah murid di kelas V B SDN Régol 13 Garut téh aya 37 urang, diwangun ku 22 murid awéwé jeung 15 murid lalaki.

SDN Régol 13 kaasup sakola nu kungsi jadi RSBI. Salian ti éta SD Régol 13 jadi percontohan sakola nunggalaksanakeun kurikulum 2013. Kiwari SDN Régol 13 dipilih ku Kemendikbud jadi sakola pembina pikeun kurikulum 2013.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panlungtikan ngagunakeun téhnik tés. Sacara umum tés kamapuh nulis bisa dilaksanakeun sacara kauger jeung sacara bébas (Djiwandono 1991: 73). Nu dimaksud tés kauger nyaéta masalah jeung judul geus ditangtukeun, disagigireun waktu jeung panjang tulisan, malah bisa waé gaya basa gé geus ditangtukeun. Ari dina tés kamapuh nulis nu bébas ugeran- ugeran nu dilarapkeun ngan dina wates minimal.

Tés nu dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan mangrupa tés bebas. Dina ieu tés siswa diperedih nyieun karangan déskripsi dina waktu dua jam pangajaran (2 kali 35 menit), kalawan téma, topik, panjang karangan teu diwatesanan.

Kagiatan nu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data ngaliwatan léngkah- léngkah saperti ieu di handap.

- a. Ngayakeun tés nyieun karangan déskripsi ka siswa kelas lima SDN Régol 13 Garut.
- b. Ngadokuméntasikeun hasil karangan déskripsi siswa kelas lima SDN Régol 13 Garut pikeun dijadikeun data nu rék dianalisis.

3.4 Instrumen Ngumpulkeun Data

Luyu jeung téhnik ngumpulkeun data, dina ieu panalungtikan digunakeun intrumén pikeun gumpulkeun data mangrupa lambaran tés jeung kartu data.

a. Lambaran Tés

Lambaran tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa karangan déskripsi murid. Eusi lambaran tés téh nyaéta kolom ngaran, kelas/ no absen jeung pituduh migawe tés

Wasta :
No absen/kelas :
Cing tulis ku hidep karangan déskripsi nu ngagambarkeun barang atawa kaayaan di sabudeureun hidep!

Gambar 3.2: Lambaran Tés

b. Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa kartu data 1 jeung kartu data 2. Eusi kartu data 1 nya éta judul karangan, jumlah paragraf, jumlah kalimah, jumlah kecap, jeung analisis karangan. Ari eusi kartu data 2 téh nyaéta ngeunaan kumpulan data dina ti kartu data 1.

K		
Judul karangan :		
Wangun Karangan :		
Jumlah paragraf :		
Jumlah kalimah :		
Jumlah Kecap :		
A. Analisis		
Ideu Lulugu	Ideu Panandes	Analisis Eusi karangan
Eusi karangan		
Paragraf I		Analisis Organisasi karangan
Paragraf II		Analisis Kandaga kecap
Paragraf III		Analisis Tata Basa
Paragraf IV		Analisis Tulisan
Jumlah skor		

Gambar 3.3 Kartu Data 1

No Data	Aspek Karangan					
	Eusi	Organisasi Karangan	Kandaga Kecap	Adegan Basa	Tulisan	Jumlah skor
1						
2						
3						
3						

Gambar 3.4 Kartu Data 2

3.5 Analisis Data

Sanggeus ngumpulkeun data, satuluyna data nu geus ngumpul téh dianalisis. Nu dimaksud nganalisis data téh nyaéta nyusun data sacara sistematis nu satuluyna dianalisis. Karangan nu mangrupa data dianalisis tina komponen eusi, organisasi gagasan, adegan kalimah, pilihan kecap, éjahan, jeung karapihan. Satuluyna karangan diuji keterbacaanana ngaliwatan tés rumpang jeung Formula Fry.

Analisis data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Mariksa deui data karangan déskripsi murid nu geus dikumpulkeun.
- b. Ngaruntuykeun data karangan déskripsi murid luyu jeung nomer absénsi kelas.
- c. Ngodeuan data karangan déskripsi murid.
- d. Ngajén karangan déskripsi murid dumasar kana aspék-aspék karangan nu ngawengku
 - 1) eusi karangan
 - 2) organisasi karangan
 - 3) kandaga kecap
 - 4) tata basa
 - 5) tulisan

- e. Milih karangan déskripsi murid anu peunteunna pangalusna pikeun dijadikeun bahan model téks bacaan.
- f. Ngukur keterbacaan karangan déskripsi murid maké FormulaFry.
- g. Ngukur ketebacaan karangan déskripsi nu geus diukur maké Formula Fry make tés rumpang ka murid kelas V anu karanganana teu kapilih jadi modél téks bacaan.
- h. Nganalisis hasil keterbacaan karangan déskripsi murid.
- i. Ngadéskripsikeun hasil analisis karangan déskripsi murid.
- j. Napsirkeun jeung nyindekkeun hasil analisis jeung déskripsi data.